# A.S.PUSHKINNIŃ "BAXSHASARAY FONTANÍ" SHÍǴARMASÍN OQÍTÍWDA IZERTLEW HÁM SORAWǴA TIYKARLANǴAN TEXNOLOGIYALARDÍ QOLLANÍW

**Davletalieva Zaxima Salievna,**
*I.Yusupov atındaǵı dóretiwshilik mektebi qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páninen joqarı kategoriyalı oqıtıwshı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903296

***Annotaciya.*** *Bul jumıs 10-klass ádebiyat páni muǵallimleri ushın tayarlanǵan. Bunda rus shayırı A.S.Pushkinniń "Baxshasaray fontanı" poemasın oqıtıwda izleniw hám sorawǵa tiykarlanǵan texnologiyalardan úlgiler beriledi. Sonıń menen birge usı tema boyınsha tayarlanǵan bir saatlıq sabaq islenbe de usınılǵan.*

*Aldıńǵı tema shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında bolıp, ótilgen temanı qalay meńgergenligin anıqlaw hám qayta eske túsiriw maqsetinde learning apps dástúrinde tayarlanǵan tapsırma beriledi. Taza tema ústinde islewde ótilgen tema menen taza temanı baylanıstırǵan halda "sáykesin tap" metodı qollanıladı. Al, sabaqtıń bekkemlew basqıshında bolsa, kahoot dástúrinde tayarlanǵan test jumısı beriledi. Úyge tapsırma beriwde internet tarmaǵınan tapsırmalar beriw arqalı izleniwge baǵarlanǵan Baxsharay fontanı, Gerey xan, kóz jası fontanı, Pushkin haqqında bir maǵlıwmat tawıp jazıp keliw tapsırması beriledi.*

***Tayanısh sózler***. *Kahoot, QR cod, wordwall.net te dúzilgen sorawlı tapsırmalar, test,* interaktiv metodlar.

***Annotatsiya***. *Bu ish 10-sinf adabiyot fani o'qituvchilari uchun tayyorlangan. Bunda rus shoiri A.S.Pushkinning "Bog'chasaroy fontani" poemasini o'qitishda izlanish va savolga asoslangan texnologiyalardan namunalar beriladi. Shu bilan birga ushbu mavzu bo'yicha tayyorlangan bir soatlik dars ishlanmasi ham taqdim etilgan.*

*Oldingi mavzu shoirning hayoti va ijodi haqida bo'lib, o'tilgan mavzuni qanday o'zlashtirganligini aniqlash va qayta xotirlash maqsadida learning apps dasturida* tayyorlangan *topshiriq beriladi. Yangi mavzu ustida ishlashda o'tilgan mavzu bilan yangi mavzuni bog'lagan holda "mosini top" metodi qo'llaniladi. Darsning mustahkamlash bosqichida esa, kahoot dasturida tayyorlangan test ishi beriladi. Uyga vazifa berishda internet tarmog'idan topshiriqlar berish orqali izlanishga yo'naltirilgan Baxsharoy favvorasi, Gerey xon, ko'z yoshi favvorasi, Pushkin haqida bir ma'lumot topib yozib kelish topshirig'i beriladi.*

***Tayanch so'zlar***. Kahoot, QR cod, wordwall.net da tuzilgan savol-topshiriq

***Аннотация.*** *Эта статья предназначена для учителей литературы 10 класса. В ней приводятся примеры технологий, основанных на исследовании и вопросах, для преподавания поэмы русского поэта А.С.Пушкина "Бахчисарайский фонтан." Также представлен разработанный по данной теме план одночасового урока.*

*Предыдущая тема была посвящена жизни и творчеству поэта. Для определения уровня усвоения пройденной темы и её повторения даётся задание, подготовленное в программе Learning Apps. При работе над новой темой используется метод "найди соответствие," связывающий пройденную тему с новой. На этапе закрепления урока предлагается тестовая работа, подготовленная в программе Kahoot. В качестве домашнего задания ученикам предлагается найти в интернете и записать информацию о Бахчисарайском фонтане, Гирей-хане, фонтане слёз и Пушкине, что направлено на развитие навыков поиска информации.*

***Ключевые слова:*** *Kahoot, QR-код, вопросные задания, созданные на wordwall.net, тесты, интерактивные методы*

Mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan siyasiy, social-ekonomikalıq ózgerisler reformalar bilimlendiririw standartların ózgertiwge, jańa pán, oqıw kursların kirgiziwden tısqarı sabaq ótiw metodların da ózgertiwdi, oqıwshılardıń sabaqqa qızıǵıp, háreketsheń qatnasıwın támiynleytuǵın metodlardı qollaw zárúrliklerin keltirip shıǵardı.

Pedagogikada negizinen alǵanda oqıw-tárbiya procesin jetilistiriw arqalı oqıwshılardı tárbiyalaw hám rawajlandırıwdıń eń bir qolaylı múmkinshilikleri júzege keledi. Al oqıtıw teoriyasınıń baslı máseleleriniń biri usı múmkinshilik lerdiń metodların hám jolların ashıp beriwden ibarat. Sonlıqtan da, jáhán pedagogikasında bul máselege, oqıwshılardıń iskerliklerin júzege keltiriwge, olardı sabaq processsinde jedellestiriw máselesine baslı dıqqat qaratıladı. Tájriybede bunı ámelge asırıwda sabaq beriwdiń interaktiv metodların qollanıwdı sınap kóriw lazım.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha tiykarǵı túsinikler, oqıtıwdıń principleri, oqıtıw metodları, sabaqtı shólkemlestiriw hám onıń túrleri, qaraqalpaq hám jáhán ádebiyatınan lirikalıq, epikalıq hám dramalıq shıǵarmalardı oqıtıw usılları, jazba jumıstıń túrleri hám bahalaw ólshemleri, sabaqtan tıs jumıslar, oqıtıwdıń interaktiv metodları haqqında bilim beriw úyreniledi.

Ádebiyattı oqıtıw metodikası til bilimi menen tıǵız baylanısta boladı. Ádebiy til kórkem ádebiyattıń janlı materialı bolǵanlıqtan, jazıwshı kórkem shıǵarmanı óziniń tiykarǵı ideyaların ashıwda, qaharmanlardı sıpatlawda tilden paydalanadı. Sonıń mene birge ádebiyatshı muǵallim pedagogika teoriyasın, tariyxın bilmey turıp, sabaq túrlerinen, oqıtıw metodlarınan durıs paydalana almaydı. Sonlıqtan sabaq barısında oqıw menen tárbiyanıń bir-birine qatnası, tárbiyanıń rawajlanıwına baylanıslı máseleler muǵallimniń basshılıǵında úyreniledi hám oqıwshınıń óz betinshe islewine múmkinshilik jaratadı. Ádebiyatshı muǵallim sabaq barısında oqıwshılardı mudamı pedagogikalıq hám psixologiyalıq jaqtan baqlap barıwı zárúr.

10-klasta ádebiyat páninen A.S.Pushkinniń “Baxshasaray fontanı” shıǵarmasın oqıtıwda izleniw hám sorawǵa tiykarlanǵan texnologiyalardı qollanıw temasındaǵı qánigelik jumısımda sabaq basqıshların qalay shólkemlestiriw kerek ekenligi haqqında qollanbalar berilgen. Zamanagáy bilim beriw barısında hár bir sabaqtı jańa texnologiyalardan paydalanıp ótiw maqsetke muwapıq. Usınılıp atırǵan bul jumısımda óz tájiriybemnen kelip shıqqan halda metod hám texnologiyalar menen bólispekshimen. Oqıwshılardı tek ǵana qaraqalpaq hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatı menen tanıstırıp qoymastan, jáhán ádebiyatın úyretiw arqalı ishki dúnyasın

keńeytiwde, erkin hám sın pikirley alıwda, bilimin rawajlandırıwda úles qosqan bolamız.

Sabaq ótiwde qollanılatuǵın metodlardı shártli túrde: dástúriy sabaq ótiw uslılları hám oqıwshılar háreketsheń ligin asırıwshı interaktiv metodlarǵa ajıratıp kórsetiw múmkin.

Dásturiy sabaq ótiwde sabaqtıń tiykarǵı maqseti kóbirek túsindiriwge qaratılǵan bolıp, oqıtıwshı-bilim beriwshi, oqıwshı –bilim alıwshı rolinde kórinedi. Olardı úyrenilip atırǵan temanı qay dárejede ózlestirgenligin tekseriw waqıtında bildirgen pikirlerine qarap anıqlanadı. Kópshilik pedagoglar, metodist-alımlar sabaq waqtında muǵallim hám oqıwshı arasında joqarı dárejedegi baylanıs ornatılǵan jaǵdaydı interaktiv dep esaplaydı. Ádette, bunday baylanıs, birge islesiw anaw yaki mınaw máseleniń sheshiliw jolların birgelikte izlep tabıwda, qabıl etilgen qarardıń qay dárejede qollansa bolatuǵınlıǵın óz-ara pikirlesiwde ornatıladı.

Bilimlendiriwdegi interaktiv metodlarınıń maqseti bilim beriw emes, bálkim oqıwshılardıń ózinshe oqıw, izleniw, sorawǵa juwap tabıw, qarar qabıl qılıw, sın pikirlew kónlikpesinen qáliplestiriwden ibarat.

Bul temanıń tiykarǵı maqseti qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlarında kórkem shıǵarmanı oqıtıw boyınsha ádebiy bilimlendiriw procesinde oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerin rawajlandırıwǵa, belsendi iskerlik kórsetiwge xızmet etiwshi innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardı anıqlaw hám olardı nátiyjeli qollaw jolların ámeliyatqa engiziwdi usınıs etiw.

Usı maqset sheńberinde tema boyınsha teoriyalıq jaqtan túsinikler beriledi. Ádebiy bilimlendiriw processinde oqıwshılardıń belsendiligin asırıwǵa, sın hám dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandıratuǵın metodlar úyreniledi. Ámeliy shınıǵıwlardı orınlaw arqalı oqıwshılardıń temaǵa qızıǵıwshılıǵı hám dóretiwshilik pikirlewi artadı. Nátiyjede, oqıwshılar ádebiyat pánine jáne de qızıǵıp, onıń áhmiyetin túsinip jetedi hám erkin pikirlewi, analiz qılıw hám óz kóz qarasın bayanlap beriw kónlikpeleri de rawajlandırıladı.

Temanı úyreniw procesinde tómendegi tiykarǵı wazıypalar ámelge asırıladı:

- ✓ Ádebiyat páni sabaǵında ótilip atırǵan shıǵarmanı kórkem talqılay alıw;
- ✓ Innovaciyalıq tálim texnologiyaların ádebiyat sabaqlarında engiziw járdeminde oqıwshılardıń belsendiligin asırıw usılların islep shıǵıw;
- ✓ Ámeliy shınıǵıwlar arqalı oqıwshılardıń ádebiyat sabaqlarına qızıǵıwshılıǵın asırıw;
- ✓ Izleniw hám sorawǵa tiykarlanǵan texnologiyalardı durıs tańlap alıw bolıp tabıladı.

Jáhánde bilimlendiriwdi rawajlandırıw ideyaları xalıqaralıq shólkemler hám rawajlanǵan mámleketler tárepinen qabıl etilgen 2030-jıllarǵa shekemgi jańa tálim konsepciyası esapqa alınǵan. Qánigelestirilgen hám ulıwma orta bilim beriw

mekteplerinde qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıw texnologiyasın jetilistiriw, sabaqlıqlarǵa innovaciyalıq jantasıw tiykarında oqıwshılardıń alǵan ádebiy jańalıqların talqılaw kónlikpelerin jetilistiriw, teoriyalıq bilimlerin rawajlandırıw tiykarında bilim beriw sapasın jaqsılaw sıyaqlı máseleler aktual bolıp kelmekte.

Sońǵı shıqqan baǵdarlamada ádebiyat sabaǵında tek qaraqalpaq hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatı emes, bálkim jáhán ádebiyarlarınan da temalar berilgeni maqsetke muwapıq boldı. Oqıwshıǵa tek óz milletine tiyisli ádebiyattı oqıtıp qoyıw arqalı onı hár tárepleme sheklep qoyǵan bolamız.

10-klass ushın ádebiyat páninen berilgen baǵdarlamada rus xalqı wákili A.S.Pushkin dáretiwshiligi berilgen. Pútkil dúnya júzi tán alǵan bul shayırdıń ómiri hám dóretiwshiligine jámi úsh saat berilgen. Birinshi saatında ómir jolı, dóretiwshiligi úyrenilse, ekinshi saatında avtordıń “Baxshasaray fontanı” poemasına eki saat berilgen.

Ádebiyat sabaǵın oqıtıwda izertlew hám soraw beriwge qaratılǵan bilim beriw degenimiz - oqıwshıda kognetiv aktivligin arttırıp, olardıń óz betinshe izlenip izertlew júrgiziw hám kritikalıq pikirlerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan oqıtıw usılları. Bunda oqıtıwshı tayar materiallardı usınıwshı emes, baǵdarlawshı boladı. Al, oqıwshı bolsa belsendi izertlewshi rolin atqaradı. Yaǵnıy, muǵallım tárepinen ótilip atırǵan tema boyınsha ortaǵa bir másele taslaydı. Oqıwshılar toparlarda bul máseleni izertlew ushın reje dúzip aladı.




Izertlew hám sorawǵa tiykarlanǵan texnologiyalardı óz tájiriybemnen kelip shıqqan halda bir neshe úlgilerin usınbaqshıman. Joqarıda aytıp ótilgenindey, usınılıp atırǵan tema bir bólimniń ekinshi saatı bolıp, A.S.Pushkinniń “Baxshasaray fontanı” shıǵarmasın oqıtıwdan ibarat. Aldıńǵı sabaqta shayırdıń ómiri hám dáretiwshiligi

degen tema ótilgen bolıp, úyge tapsırma retinde ekinshi sabaqqa aldınnan izertlew jumısları tapsırıladı.

“Baxshasaray fontanı” poemasınan gilt sózlerdi juplıqlarǵa tapsırma etip aldınnan berip jiberiledi. Bunda juplıqlar internet tarmaqları arqalı ózlerine berilgen sóz haqqında maǵlıwmat jıynaydı. Bul arqalı oqıwshıda izleniw processi boladı, shıǵarma mazmunı haqqında az ǵana bolsa da maǵlıwmatqa iye boladı.

**Gilt sózler:**




Bólimniń ekinshi sabaǵında taza temaǵa kirisiw basqıshında usı gilt sózler boyınsha maǵlıwmatlar jazıp barıladı, oqıtıwshı tárepinen oqıladı. Gilt sózleri berilgen juplıqlar maǵlıwmattıń mazmunına qaray tabıwı kerek boladı. Sonday-aq, qısqasha maǵlıwmat berip ótedi.

Izertlew hám sorawǵa baǵdarlanǵan sabaq processinde blum taksonomiyası, rolli oyinlar, diskussiya, debat, joybar, aqılıy hújim metodlarınan da paydalansa boladı. Sonday-aq, XKT dan paydalanıp elektron taqtada kahoot testin, learning apps dástúrinde tayarlanǵan tapsırmaların orınlatıwǵa boladı. Oqıwshılardı shıǵarma mazmunı menen tanıstırıp bolǵannan soń “Qáytkende...?” metodı arqalı diskussiya (talqılaw) alıp barıladı. Bul metod arqalı oqıwshılar mashqalanıń sebebin, aqıbetin, sheshimin tabıwda qatnasadı. Sın pikirleri dodalanadı.

A.S.Pushkinniń poeması tiykarında I.Yusupovtıń qálemine tiyisli “Eski fontan ertegi” poeması jazılǵanı bárshemizge málim. Mine, usı eki poemanı salıstırǵan halda ekewindegi uqsaslıqtı, ayırmashılıqtı oqıwshılar menen birge Venn diogramması arqalı anıqńasaq boladı.

**Venn diogramması**




**Súwretli sorawlar:**


1.


2.


3.


4.

Taza tema taqtaǵa jazılǵannan keyin toparlarǵa usı súretler beriledi. Oqıwshılar bul súwretlerdiń temaǵa qanday qatnası bar ekenligin oylap pikirlerin boljap bayanlaydı. Muǵallim tárepinen toparlarǵa soraw taslanadı:

1. Fontandı kóz jaslar fontanı dep ataǵan. Qalay oylaysız, ne ushın bulay atalǵan?
2. Fontanǵa gúl qoyılǵan. Qalay oylaysız, onı kim qoyǵan hám ne ushın eki gúl qoyǵan?
3. Bul súwrette fontan aldında turǵan kim hám bul insannıń shıǵarmaǵa qanday qatnası bar?

4. Eń sońģı súwrettegi insan kim? Qalay oylaysız, bul adamnıń fontanģa qanday qatnası bar?

**"Qáytkende...?"** metodın taza temanı bekkemlew basqıshında qollansa boladı.

**Úlgi:** Qáytkende Zarema tiri qalģan bolar edi?

Qaytkende Gerey Mariyanıń muhabbatına erisken bolar edi?

Qaytkende Mariya Gereydiń qolına túspegen bolar edi?.... t.b.

Izertlew hám sorawģa baģdarlanģan sabaq barısında oqıtıwshınıń kreativligi úlken áhmiyetke iye. Álbette, temaģa hám jas ózgesheligine qaray bunnan da basqa bir neshe metodlardan, texnologiyalardan paydalanıwģa boladı. Tómende úlgi sıpatında berilgen sabaq islenbede joqarıda kórsetilgen metodlardan tısqarı birqansha metodlardı kóriwińiz múmkin.

Sabaqta oqıwshılardıń aktiv bolıwı, bilimge qushtarlıģı oqıtıwshıģa tikkeley baylanıslı boladı. Pedagog sabaq processinde oqıwshılardı janlandırıwshı texnologiyalardan paydalansa, tuwrı baģdar bere alsa, álbette passiv oqıwshı bolmaydı.

Ulıwma alģanda, mekteplerde qaraqalpaq ádebiyatı sabaqların oqıtıwda interaktiv tárizindegi bilim beriw metod hám texnologiyasınan paydalanģanda ádebiyat páni muģalliminen óz pánin qanday dárejede bilimi, seziwi, pedagogikalıq texnologiya hám de interaktiv metodlardıń mánisi, qollanılıw orni hám imkaniyatınan jaqsı xabardar bolıwı sheshiwshi áhmietke iye. Sonday-aq, ulıwma bilim beriw mektep qaraqalpaq ádebiyatı sabaqların oqıtıwda nátiyjeli bilimlendiriw metodların qollanıwdıń ámeliy táreplerine de itibar qaratqan halda ilimiy-metodikalıq usınıslar islep shıģıw shıģarılıwı kerek.

Juwmaqlap aytqanda, Ózbekstan Respublikasınıń bilimlendırıw sistemasına jańalıqlardı engiziw, solardıń ishinde mekteplerde "Qaraqalpaq ádebiyatı" pánin oqitiwda oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerin, tayanısh hám pánge tiyisli kompetenciyalardı qáliplestiriwde jaqsı nátiyje beretuģın oqıtıwdıń interaktiv metod hám usıllarınan paydalanıw búgingi kúnniń talabı.

Bunday metodlar oqıwshılarda bilim alıwģa qızıģıwshılıq oyatadı.Oqıwshı sabaqlarģa puxta tayarlıq kóriwge umtıladı.Interaktiv metodlar oqıwshılardıń bilim alıw múmkinshiligin jedellestiriwge imkaniyat beredi.Sonday-aq, ulıwma orta bilim beriwshi mekteplerde ádebiyat pánin oqıtıwda interaktiv metodlardı qollanıw sabaqtıń qızıqlı hám tásirsheńligin asıradı, oqıwshılardı tálim procesiniń aktiv subyektlerine aylandıradı.

**Paydalanılģan ádebiyatlar:**

1. Egamberdiyeva F. Adabiy ta'limda ilģor pedagogik texnologiyalarni tatbiq etish metodikasi: Ped.fan.nom....dis. avtoreferat. – Tashkent: 2025-y

2. Yusupov Q. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń ilimiy metodikalıq tiykarları. Monografiya. – Tashkent: NIF MSH, 2024-j
3. Rajabova I. Adabiyot darslarini interfaol usullarda tashkil etish. – Tashkent: Tamaddun 2010-уТамаддун, 2010
4. Sagidullaeva J., Kaniyazova J. Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar. – Nókis: Qaraqalpaqsatan baspası 2016-j
5. To'xliyev B. Adabiyot o'qitish metodikasi. (17-20-betler) – Tashkent: Yangi asr avlodlari, 2006.
6. Pazılov A. Pedagogika teotiyası. – Nókis: Bilim baspası 2018-j
7. Turımbetov B. Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı pánine baylanıslı kompetenciyalardı qáliplestiriw texnologiyaları hám metodları. Nókis 2017-j
8. Allaniyazova Sh, Tanirbergenov J. Qaraqalpaq tilin oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar. Nókis "Bilim“ baspası 2015-j